**Қарақалпақстан Республикасы**
**Мәлимлеме - китапхана орайы**
**Хуқықый мағлыўматлар секторы**

**«Елимиз байрағын көкке көтерген спортшылар»**

*(Библиографиялық көрсеткиш)*



**Нөкис – 2021**

## *К и р и с и ў*

Елбасшымыздың итибары, жаратылған шараятлар нәтийжесинде, соңғы жылларға келип республикамыз спортында айрықша раўажланыўлар жүз бермекте. Спортқа қызығыўшылар саны жылдан жылға артып бармақта. Жаратылған имканиятлардан нәтийжели пайдаланған үмитли жасларымыз арасында жүзден жүйрик, мыңнан тулпар топ жарып, айрықша көзге түсип елимиз мақтанышына айланбақта.

Халықты дүньяға тез танытатуғын бул сол елдиң мәденияты менен спорты, көркем - өнери болып есапланады. Елимизде спортқа деген айрықша дыққат итибардың нәтийжесинде республикамыз бир қатар халық аралық турнирлер, Азия, жәҳән чемпионатларына мезбанлық етпекте. Қарақалпақстан Республикасы ҳәр тәреплеме табысларға ериспекте. Соның ишинде спорт тараўы тез пәт пенен раўажланды. Спорт оқыў орынлары, футбол, жүзиў, теннис, гимнастика, гандбол, еркин гүрес, бокс түрлери кең раўажланды.

Дүньяға танытып елимди,
Гүллерге бөлеп жеримди,
Палўан, батыр, теннисши,
Көклерге көтерди жеримди.

Елимиз байрағын көкке көтерген спортшыларымыздың табыслары менен бүгинги жасларды таныстырып барыў мақсетинде дүзилип отырған бул көрсеткишке киргизилген материаллар төмендеги тәртипте жайластырылды: ***(1) «Туран баҳадыры»*: *Еркинбай Қутыбаев ҳаққында (2) «Жәҳәнге танылған Азамат»: Азамат Турданов ҳаққында (3) «Олимпиядаға жолланма»: 2021 - жыл Олимпиядаға жоллама алған спортшылар ҳаққында (4) Спортшылар ҳаққындағы әдебиятлар***

Материалларды жыйнаў дереклери: ИРБИС, UZNEL электрон, алфавит ҳәм системалы каталогы, үлкетаныў картотекасы, газета-журнал мақалалары картотекасы.



Өзбекстанлы делегация Бангкокта.

## Туран баҳадыры Еркин Қутыбаев ҳаққында

Еркинбай Қутыбаев 1972-жылы 28-август күни Нөкис қаласында туўылған. Киев қаласындағы Инженерлик-қурылыс университетин 1994-жылы питкерген. 1994-1996 жыллары Ташкент қаласындағы қоспа қурылыс «Язекс», 1996-1997 жыллары «Стеллор» фирмасында, 1997-1999 жыллары Өзбекстан Республикасы Байланыс экономикалық министрлигинде бас қәниге, 1999-2002 жыллары усы министрликте биринши категориялы қәниге, 2002-2004 жыллары Өзбекстан Республикасы балалар спортын раўажландырыў қоры Қарақалпақстан филиалы директоры, 2004-2006-2010 жыллары Нөкис Олимпия резервлери коллежи директоры, Өзбекстан Республикасы Мәденият ҳәм спорт ислери минстрлигиниң спорт бойынша орынбасары лаўазымларында жемисли мийнет етти. Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесине депутат, спорттың бокс түри бойынша устасы, Халық-аралық дәрежедеги кик-бокс бойынша уста, Халық-аралық тай-бокс устасы, 1999 - жылы «Ўзбекистон ифтихори», 2002-жылы Қарақалпақстан Республикасына хызмет көрсеткен спортшы, 2004-жылы Өзбекстан Республикасына хызмет көрсеткен спортшы атақларын алыўға миясар болды.

Еркинбай Қутыбаев Киев қаласындағы Инженерлик-қурылыс университетин питкергеннен кейин, Бангкокта болатуғын жәҳән чемпионатына 1995-жылы Украина сайланды командасының қурамында қатнасып тайбокс бойынша биринши жәҳән чемпионатын қолға киргизди. Таиланд короли усынған алтын медаль ҳәм алтын белбеўди жеңип бийбаҳа саўға алды.

Еркинбай Қутыбаев екинши мәртебе 1997-жылы Өзбекстан сайланды командасының қурамында қатнасып, Бангкокта өткен жәҳән чемпионаты мәмлекетимиз спортшыларының, туўған жердиң абырайын бәлентке көтерди. Жеңимпаз азаматлардың ерлиги себепли Бангкок стадионы үстинде биринши мәрте мәмлекетимиз гимни жаңлады. Еки мәрте жәҳән чемпионы атағын алған Еркинбай Қутыбаев Таиланд королиниң саўғасын – алтын белбеў ҳәм алтын медаль алса, өзи менен бирге барған еки ўатанласы гүмис медаль, бир жигит бронза медаль алды. Бул оғада зор жетискенлик еди. Еркинбай Қутыбаевтың спорттағы табыслары барған сайын күшейе берди. Ол тайбокс бойынша Өзбекстан чемпионы болды. Соң Таиландта өткерилетуғын жәҳән чемпионатына жоллама алып күшли таярлық көрди ҳәм өзбекстанлы азаматлар қатарында 1998 - жылы үшинши мәрте Бангкок қаласына келди. Шет елден келген қарсыласларын жығып, Еркинбай Қутыбаев үшинши мәрте жәҳән чемпионы болды. Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесинде Еркинбай Қутыбаевтың ҳүрметине қабыллаў болды. Республика басшылары спортшыны үлкен жеңиси менен қутлықлады, Жоқарғы Кеңес ҳәм Министрлер Кеңеси атынан саўға ретинде «Тико» автомобилиниң гилтин тапсырды. Усы жылы Бангкок қаласында XIII Азия ойынлары өткерилди. Еркинбай Қутыбаев тайбокс бойынша көргизбели жарыста өз салмақ категориясында биринши орынды ийелеп, тағы бир алтын медальды жеңип алды.

2002 - жылы Өзбекстан сайланды командасы атынан Бангкокта өткерилген жәҳән чемпионатында Еркинбай Қутыбаев төртинши мәрте жәҳән чемпионы болды.

2004 - жылы Таиландта тайбокс бойынша нәўбеттеги жәҳән чемпионаты болып өтти. Чемпионатқа Өзбекстан сайланды командасы атынан қатнасқан Еркинбай Қутыбаев бесинши мәрте жәҳән чемпионы болды.

Қарақалпақстанның даңқын әлемге жайып, елимиздиң мақтанышы болып киятырған Еркинбай Қутыбаевты республикамыздың басшысы Муўса Ерниязов рәсмий түрде

қабыл етип, оны бесинши мәрте жәҳән чемпионы болыўы менен қутлықлады. Қарақалпақстан ҳүкимети атынан оған «Нексия» автомашинасын саўға етти.

## Жәҳәнге танылған Азамат



## Жәҳән чемпионы АзаматТурдановқа

Елдиң атын ер шығарар деген бар,
Табысларынды пүткил жәҳән тән алар,
Азамат боп халықты атын шығардың,
Палўан бабаларын болғай мудам мәдаткер.

Жамал атан ақ көкирек мәрт еди,
Сөзи жумсақ тили шекер қант еди,
Туқымдабар Есжан, Досжан, Турданлар,
Мәртебе қып қудай сизгеде берди.

Атлары тарийхта яд болып қалған,
Ханға бас палўан боп байрақлар алған,
Өмиринше гүрести бабаыз Турдан,
Сизди әрўақлары қоллағай енди.

Табысыңа дайы журтың паяндоз,
Қудияр дайыңыз белли шабандоз,
Сизге айтар жақсы тилек, жақсы сөз,
Оларды да пийри қоллағай енди.

Дошым палўан ақлығы- устазың Полат,
Полаттай таплады қомлатты қанат,
Сен женгенде халқың қурды салтанат,
Табысын мәнгилик боғай Азамат.

Абырайлы бол Абат Нурыллаевтай,
Тәкирар жен Еркин Қутыбаевтай,
Сөз жазайық пайдаланып пайыттан,
Табыс қолға кирген ўақта Азамат.

***(Базарбай Қаниязов)***

Азамат Турданов ел-журтқа белгили Турдан палўанны үрим путағынан. Ол ҳә демей ақ, Дошым палўанның ақлығы Полат палўанның нәзерине илинип, миллий гүрес, кейин ала гүрестиң самбо түри бойынша турақлы шуғыллана баслады. 9-класында республикамыздағы мектеп оқыўшыларының биринширилигинде жеңилпаз болып, 2001-жыл, 21 - апрельде болған республикамыздағы мектеп оқыўшыларының гезектеги спартакиадасында оған тең келетуғын палўан табылмады. Азамат Турданов 1984-1985-жыллары туўылған жас өспиримлер арасында Ташкент қаласында өткерилген жарыста да биринши орынды женип алды. Талай мәрте миллий той салтанатларында, жарысларда, той-мерекелерде гүреске түсип, бир неше палўанларды жаўырнын жерге тийгизген ол республикамыздың бас палўаны дәрежесине дейин көтерилди. Бундай жеңислер «Саламат әўлад» қорының сыйлығына Өзбекстан биринширилиги ушын болған күш сынасыўда Азамат Турданов самарқандлы С. Равшановтан үстем келип, жеңиске еристи. Чемпионлық алыў менен бирге Бердақ атындағы қарақалпақ мәмлекетлик университетине имтихансыз кириў бахытына миясар болды. Студентлик жылларында да спорттың самбо бойынша телетурнир жарысларына қатнасып, чемпионлықты қолдан бермеди. Ол гүрестиң еки жақлама жамбас ҳәм оң жаққа ылақтырып таслаў әмеллерин қоллаўдың шебери.

Азамат спорттың самбо түри бойынша Ташкент қаласында өткерилген 100 килограммнан аслам салмақ категориясында қарсыларслары үстинен жеңиске ерисип, жәҳән чемпионы болды. Әлбетте, халық аўзындағы палўан атаныўы ушын бул жаратылыс тәрепинен инам етилиўи яки тұқымында болыў шәрт. Бул жолда оған ығбал - бахыт күлип бақты. Спортта гүрестиң неше түри болса Азамат солардың барлығын жетик менгерген десек асыра айтқан болмаймыз. Ол миллий гүрес пенен самбодан тысқары дзюдо, туран гүреси ҳәм жекпе-жек қол урысы бойынша да жетик спортшы болып жетилисти. Оның Өзбекистан Казақстан ҳәм басқада аўқамлық республикалары бирнншилиги ушын болған жарысларда өз салмақ категориясы бойынша жеңимпаз болғанлығы бул пикиримизди тастыйықлайды. Азамат Турданов өзи ийелеген титуллары бойынша күшли самбошылардан әдеўир алға илгерилеп кетти. Неге дегенде, спортшылардың ең серелери жыйналған жәҳән чемпионатларында жеңимпаз атанып, сыйлы орынды ийелеў яки алтын медалды жеңип алыў ҳәр кимниң де қолынан келебермейди.

## Атақлы Жалғас палўан




Быйылғы жыл Қарақалпақстан спорты тарийхында умытылмас жыллардың бири болып есапланады. Себеби республикамыз спорты тарийхында бурын болмаған ўақыялар жүз берди. Атап айтқанда, ҳәзирги күнге шекем республикамыз спортшылары арасында Жалғасбай Бердимуратов, Зайнаб Дайыбекова, Шарафатдин Балтабаев, Адилбек Юсупбаев ҳәм Шерзат Мамутов сыяқлы спортшыларымыз Токиода болып өтетуғын Олимпиада ойынларына жолламаны қолға киргизиўге миясар болды. Қарақалпақстан спортында тарийхый нәтийжени қолға киргизген спортшылардың бири, грек – рим гүреси бойынша палўанымыз Жалғасбай Бердимуратов болып ол 1997-жылдың 27 - март күни Қараөзек районының « Есимөзек» аўыл пуқаралар жыйыны аймағындағы «Аталық» аўылында Б. Халмуратовтың шаңарағында туўылып, усы аймақтағы 10 - санлы мектепте оқып, билим алады.

9-жасында әкесинен айрылып, турмыстың ашшы-душшы сынақларынан өтиўге мәжбүр болған бул палўанымызға әдиўли анасы Зерхан Жуманазарова ҳәм 10 - санлы мектеп жәмәәти тәлим – тәрбия берип, халық қатарына қосады. Кишкенелигинен палўан тулғалы, спортқа қызығыўшаң болып өскен бул бала Нөкис Олимпиада резервлери мектеп-интернаты тренер оқытыўшысы Рустем Ерназаровтың нәзерине

түсип, 2010 - жыл усы оқыў дәргайына қабылланды. Бул жерде устазы Р. Ерназаровтың басшылығында грек-рим гүресиниң әлўан түрли сырларын үйрениўге миясар болған Жалғасбай Бердимуратов хәр қыйлы көлемдеги жарысларға қатнасып, өзиниң шеберлигин көрсете баслады. Атап айтқанда, ол 2013 - жылы Ташкент қаласында өткерилген аға-ини Рузиқуловлар сыйлығы ушын ашық биринshiликте 1 - орын, 2013 - жылы Өзбекстан ҳәм Әзербайжан Республикалары мәмлекетлери ғарезсизлиги байрамына бағышлап Ташкент қаласында өткерилген Өзбекстан кубогине 3 - орын, 2015 - жылы аға- ини Рузиқуловлар сыйлығы ушын ашық биринshiликте 3 - орын, 2015 - жылы Наўайы қаласында өткерилген Өзбекстан чемпионатында 2 – орын, 2015 - жылы Латвияның Даугавпилс қаласында өткерилген Халықаралық турнири, 2016 – жылы Өзбекстан чемпионатында 1 - орынды, 2016 - жыл Филиппин пайтахты Манила қаласында өткерилген Азия чемпионатында 3 - орын, 2016 - жылы Өзбекстан кубоги ҳәм чемпионатында 1 - орын, 2016 жылы Франция мәмлекети Монако қаласында өткерилген Жәҳән чемпионатында 3 - орынды ийелеп, Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң дене тәрбия ҳәм мәденияты факультетине имтихансыз оқыўға кириўге миясар болды. Усындай үлкен табысларды қолға киргизип студент болғаннан соң да арқайынлыққа берилмеген Жалғасбай устазы Рустем Ерназаров пенен жалықпастан шынығыўлар алып барып, Өзбекстан чемпионаты ҳәм кубогинен тысқары, бир қатар халықаралық жарысларға қатнасып, елимиз байрағын көклерге көтериўге миясар болды. Атап айтатуғын болсақ, ол 2017 - жылы Тайвань мәмлекетинде Тайчжун қаласында өткерилген Азия чемпионатында 2 - орын, 2017 - жылы Россия Федерациясының Москва қаласында өткерилген «АЛРОСА» кубоги ҳәм 2018 - жылы Қазақстанның Астана қаласында өткерилген халықаралық турнирде 2 - орынды, 2018-жылы Францияның Монако қаласында болып өткен Жәҳән чемпионатында 3 - орын, 2018 - жылы Қырғызстан пайтахты Бишкек қаласында болып өткен халықаралық турнирде 1 - орын, 2019 - жылы Нур-Султан қаласында өткерилген халықаралық жарыста 2 - орын, 2019 - жылы Беларусь мәмлекети пайтахты Минск қаласында өткерилген халықаралық турнирде 3 - орын, 2019 - жылы Нур-Султан қаласында өткерилген Жәҳән чемпионатында 3 - орынды ийелеп, Токиода болып өтетуғын Олимпиада ойынлары жолламасын қолға киргизиўге миясар болды.

Жалғасбай буннан кейинги өткерилген жарысларда да өзиниң ҳәр тәреплеме күшлилигин көрсетип, 2020 - жылдың 18 - 23 - февраль күнлери Ҳиндистанның Дели қаласында өткерилген Азия чемпионатында 3 - орын, 2021 - жылдың 13 – 18 - апрель күнлери Қазақстан Республикасы Алматы қаласында өткерилген « Osieyo chempionish» спорт жарысларында 1 - орынды ийелеп, пүткил халқымызды шексиз қуўанышқа бөледи.

2021 - жылы университетти тамамлаған ол Өзбекстан Республикасы Миллий гвардиясы Қарақлпақстан Республикасы бойынша бас басқармасы хызметкери болып ислеп келмекте.

## Олимпиадаға жоллама

2021 жыл республикамыз спортшыларының үшеўи Япония Пайтахты Токио қаласында болып өтетуғын XXXII жазғы Олимпиада ойынларында қатнасыў жолламасын қолға киргизди. Бул халқымыз ушын үлкен бахыт, әлбетте. Бурын Олимпиада ойынларында Республикамыз сплортшылары жүдә сийрек қатнасып, спортшы шықпай қалған пайытлары да болған. Токио олимпиадасы лицензисын қолға киргизгенлерден бири Грек рим гүреси бойынша Азия чемпионы Жалғаспай

Бердимуратов, екиншиси дзюдо бойынша Азия чемпионы Шарападдин Балтабаев. Бүгинги күнде суў спорты бойынша да республикамыз спортшыларының табыслары молайып, алдыңғы сапта келмекте. Бул спорт түри бойынша Өзбекстан, Жәҳән ҳәм Азия чемпионлары жетилисип шықпақта Усы бағдарда жүзиў спорты да кең ен жайып, бул спорт түри менен шуғылланыўшы спортшыларымыздан бири Токио олимпиадасына қатнасыў жолламасын қолға киргизди. Бул - жас болса да тәжирийбеге ийе жүзиў спорты шебери, Олимпия ҳәм миллий спорт түрлери бойынша Нөкис жоқары спорт шеберлиги мектебиниң тәрбияланыўшысы Өзбекстан сайланды командасының ағзасы Әдилбек Юсипбаев болып есапланады. Ол усы жылдың 12-17 апрель күнлери спорттың жүзиў түри бойынша Ташкент қаласында болып өткен Өзбекстан ашық чемпионатына табыслы қатнасып, жеңимпаз болды. Нөкисли Әдилбек пайтахтымыздағы 19 - санлы улыўма билим бериў мектебинде тәлим алған. Шаңарақтағы төрт перзенттиң екиншиси, жаслайынан спорттың жүзиў түрине қызыққан Әдилбек 2014-жылдан баслап Нөкис олимпия резервлери колледжинде оқып, устазы Низамтдин Алламуратовтан жүзиў спорты сырларын қунт пенен тереңнен үйренди. Өзиниң спортқа болған айрықша ықласы, соның менен бирге устазынан үйренген усылларын шеберлик пенен үйренип, пайдаланыўының нәтийжесинде көплеген табысларды қолға киргизди. Токио олимпиадасы лицензиясы ийеси Әдилбек бүгинги күнде спорт пенен шуғылланыў менен бирге Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң юридика факультетинде тәлим алмақта.

## *Спортшылар ҳаққындағы әдебиятлар*


1. Абдиев, А. Бес мәрте жәҳән чемпионы болған жерлесим менен сырласыў: [Бес мәрте жәҳән чемпионы Еркинбай Қутыбаев пенен сәўбет] // Қарақалпақстан жаслары. – 2004. – 11 дек.

2. Абдиев, А. Жетискенликлер жетерли // Қарақалпақстан спорты. - 2004. – 29 апр.

3. Абдирасулиева, М. Ҳәўес еткен спортшымыз // Устаз жолы. - 2010. - 20 февр.

4. Абибуллаев, Д. Жас спротшылардың үлкен жетискенликлери: [спортшы Зайнаб Дайибекова ҳаққында] / Д. Абибуллаев // Пайтахт. – 2020. - 20 янв.

5. Абибуллаев, Д. Қарақалпақ «Кувалда» сының алтын медалы: [Кикбокс бойынша «Славутич» халық аралық лигасының қатнасыўшысы Еркинбай Қутыбаев Тайланд боксынан алтын медальды жеңип алды] // Еркин Қарақалпақстан. - 1995. – 20 май.

6. Абибуллаев, Д. Миллий гвардия командасы- кубок жеңимпазы: [Қол урысы бойынша жарыс] / Д. Абибуллаев // Қарақалпақстан спорты. – 2020.– 19 дек.

7. Абибуллаев, Д. Спорт майданында имкәнияты шекленген балалар: [қайыр сақаўат концерти ҳәм спортқа тартыў ҳаққында] / Д. Абибуллаев // Қарақалпақстан спорты. – 2020. – 12 дек.

8. Абилов, Ф. Ўзбекистон муайтайчиларининг муваффаққияти пойтахтимиздаги «Ўзбекистон» спорт соғломлаштириш мажмуасида ташкиллаштирилган муайтай буйича жаҳон чемпионати якунланди // Халқ сўзи. – 2011. - 28 сент.

9. Ажибаев, Қ. Еркинбайдың избасары: [Муайтай бойынша жәҳән чемпионатында екинши орынды ийелеген Азамат Ешниязов ҳаққында] // Қарақалпақстан жаслары. - 2006. - 6 апр.

10. Ажибаев, Қ. Чемпионлар «Ақ жағыс»тан да шығады: [Зәрипбай Алланиязов ҳаққында очерк] // Еркин Қарақалпақстан. – 2010. - 10 авг.

11. Ажимов, С. Кувальда бес мәрте жәҳән чемпионы: [Еркин Қутыбаев ҳаққында] // Қарақалпақстан жаслары. – 2004. – 20 нояб.

12. Айманов, О. Бокстың пайда болыўы хәм раўажланыўы: [Спорт тарийхынан] / О. Айманов // Ma'deniyat ha'm sport. – 2015.- 4 апр.

13. Айтмурадов, Б. Праздник с порта, молодости и дружбы: [В Фергане 26 мая стартовали республиканские спортивные игры "Универсиада-2016" среди студентов высших учебных заведений] / Б. Айтмурадов, М. Сулаймонов // Вести Каракалпакстана. - 2016. - 28 мая.

14. Айтмурадов, Б. Спорт – жаслық хәм дослық байрамы: [Ферғанада 26 - май күни жоқары оқыў орынларыны студентлери арасында "Универсиада-2016" республикалық спорт ойынлары басланды] / Б. Айтмурадов //Еркин Қарақалпакстан. - 2016. - 28 май.

15. Айтмуродов, Б. Ўатанның абырайын улығлаў – ен уллы бахыт: [Олимпиада – 2016] / Б. Айтмуродов, Ж. Тошхужаев // Еркин Қарақалпакстан. - 2016. - 28 июль.

16. Арзыбеков, А. Өзбекстан кубоги: [Нөкис қаласында өткерилген спорттың футбол түрибойынша] / А. Арзыбеков // Қарақалпақстан спорты. – 2020. – 5 - дек.

17. Атажанов, Ә. Сапалақ палўан: [повесть] Әбдимурат Атажанов // Қарақалпақстан спорты. – 2020. – 7 нояб. – Даўамы. Басы өткен санда.

18. Атажанов, Ә. Сапалақ палўан: [повесть] / Әбдимурат Атажанов // Қарақалпақстан спорты. – 2020. – 17 окт. – Даўамы. Басы өткенсанда.

19. Атажанов, Ә. Сапалақ палўан: [повесть] / Әбдимурат Атажанов // Қарақалпақстан спорты. – 2020. – 24 окт. – Даўамы. Басы өткенсанда.

20. Атажанов, Ә. Сапалақ палўан: [повесть] / Әбдимурат Атажанов // Қарақалпақстан спорты. – 2020. – 31 окт. – Даўамы. Басы өткен санда.

21. Бекатова, З. Спорт - саламат хәм нәукыран әуладты камалға келтиреди: [Ғәрезсизлик жылларында спорт саласында ерисилип атырған бир қанша жетискенликлер хаққында ] / З. Бекатова // Еркин Қарақалпақстан. - 2016. - 18 февр.

22. Бесинши чемпионлық - ақырғы шек емес: [Еркин Қутыбаев пенен сәўбет] // Еркин Қарақалпақстан. – 2004. – 9 дек.

23 . Гүлимбетов, С. Олимпия резервлери тәрбияланбақта // Мәдениият ҳәм спорт. – 2013. – 25 май.

24. Гүлимбетов, С. Тайландтан табыс пенен // Мәденият ҳәм спорт. – 2014. – 24 май.

25. Даўекеев, Г. Әжайып жетискенликлер: [Нөкис Олимпия-резервлери колледжи ҳаққында] // Устаз жолы. – 2010. - 26 июнь.

26. Ембергенова, Ж. Бир шаңарақтағы төрт палўан: [Индира, Элмира, Айгул хәм Ербол Ихласовлар спорттың миллий гурес түри менен шуғылланады] / Ж. Ембергенова // Қарақалпақстан жаслары. - 2016. - 1 янв.

27. Ембергенова, Ж. Қырққыз футболға үлес косады / Ж. Ембергенова // Қарақалпақстан жаслары. - 2014. - 1 май.

28. Еркин тағыда чемпион: [Тайландтың пайтахты - Бангкоктың муайтай (тай-бокс) бойынша өткерилип атырған дүнья жүзи чемпионатына қатнасып төртинши рет дүнья жүзи чемпионы болды] // Еркин Қарақалпақстан. – 2002. – 30 июль.

29. Ерназаров, К. Еркинбай Қутыбаев үшинши рет жәҳән чемпионы:// Қарқалпақстан жаслары. - 1998. – 3 сент.

30. Жаниев, С. Верю в будущее Каракалпакского бокса: [Беседовал заслуженным спортсменом РУ Мухаммадкадир Абдуллаевым] / С. Жаниев // Вести Каракалпакстана. - 2016. - 30 апр.

31. Жаниев, С. Гандболшыларымыз - универсиада чемпионы: ["Универсиада - 2016"] / С. Жаниев // Еркин Каракалпакстан. - 2016. - 31 май.

32. Жаниев, С. Елдиң атын шығарган ер: [Кегейлиде Жакабай палўан Сапаровтың естелигине бағышланып республикалык ашык турнир болып өтти] / С. Жаниев // Еркин Қарақалпақстан. - 2015. - 18 авг.

33. Жаниев, С. Миллионлар ойынына бағышланған өмир: [яднама: Қарақалпақстан Республикасында футбол ойынына дәслепки кәдемлер хәм ойыншылар ҳаққында] / С. Жаниев // Еркин Қарақалпақстан. - 2014. - 10 апр.

34. Жаниев, С. Муайтай раўажланыў басқышында: [Еркинбай Кутыбаев пенен сәўбет]. // Еркин Қарақалпақстан. – 2012. – 15 май.

35. Жолдасова, А. Еки рет дүнья жүзи чемпионы // Қарақалпақстан жаслары. – 1997. – 29 нояб.

36. Жолдасова, А. Еркинбай Қутыбаев жәҳән чемпионы // Қарақалпақстан жаслары. – 1998. – 10 сент.

37. Идирейсов, И. Байрамға бағышланған жарыс: [халық-аралық дзюдо күнине арналған жарыс] / И. Идирейсов // Қарақалпақстан спорты. – 2020. – 21 нояб.

38. Идирейсов, И. Баспасөз конференциясы // Қарақалпақстан спорты. – 2020. – 19 дек.

39. Идирейсов, И. Жәми 13 медаль: [Наўайы ўалаятында спорттың ҳаяллар гүреси бойынша Өзбекстан чемпионаты болып өтти.] / И. Идирейсов. // Қарақалпақстан спорты. – 2020. – 5 дек.

40. Идирейсов, И. Жеңимпазлар анықланды: [районлар арасында футбол жарысы] / И. Идирейсов // Қарақалпақстан спорты. – 2020. – 7 нояб.

41. Идирейсов, И. Конференция: [таэквондо ВТФ федерация президентин қайта сайлаў ҳаққында] И. Идирейсов // Қарақалпақстан спорты. – 2020. – 14 нояб.

42. Идирейсов, И. Кубоктан 43 медаль: [Ташкент ўәлаятының Кибрай районында спорттың шотокан каратэ до түри бойынша Өзбекстан кубоги] / И. Идирейсов // Қарақалпақстан спорты. – 2020. – 21 нояб.

43. Идирейсов, И. Қарақалпақстан чемпионаты: [таэквондо түри бойынша жарыс] / И. Идирейсов // Қарақалпақстан спорты. – 2020.– 14 нояб.

44. Идирейсов, И. Өзбекстан чемпионатына жоллама: [Жүзиў түри бойынша жас өспиримлер арасында Нөкис қаласы,Шымбай районы НОРК қатнасыўшыларына несип етти] / И. Идирейсов // Қарақалпақстан спорты. – 2020. – 12 дек.

45. Идирейсов, И. Уфа ҳәм УзПФЛ топары Қарақалпақстанда: [Арал футбол командасы ҳаққында] / И. Идирейсов // Қарақалпақстан спорты. – 2020. – 12 дек.

46. Идирейсов, И. Футбол жарысы: [Ветеран футболшылар жарысы ҳаққында] / И. Идирейсов // Қарақалпақстан спорты. – 2020.– 19 дек.

47. Идирейсов, И. Шөп үстиндеги хоккей: [«Меҳрибанлық үйи» инде қызлар арасында хоккей ойыны ҳаққында] / И. Идирейсов // Қарақалпақстан спорты. – 2020. – 12 дек.

48. Қаипов, А. Волейболшылардың тарийхый жениси : [2017 - жыл 12 – 16 - май күнлери Ташкент қаласында өткерилген шешиўши 5 - турда Қарақалпақстан Республикасының волейболшы қызлары Өзбекстан чемпионы болды] / А. Қаипов // Қарақалпақстан жаслары. - 2017. - 25 май.

49. Мамбетов, Б. Исеним жуўапкершилик жүклейди: [Қарақалпақстан жасларын спортқа қызықтырыў ҳаққында] / Б. Мамбетов // Қарақалпақстан спорты. – 2020. - 17 окт.

50. Матеков, И. Грек-Рим ҳәм еркин гүрес: [Наўайы қаласында жекпе-жек гүрес спорты түри бойынша ] / И. Матеков // Қарақалпақстан спорты. – 2020. – 21 нояб.

51. Матеков, И. Спортшыларымыздың табысы: [Ташкент қаласында волейбол бойынша жарыс] / И. Матеков // Қарақалпақстан спорты. – 2020. – 31 окт.

52. Матеков, И. «Универсиада - 2020»: [Қарақалпақстанлы жаслар 6 гүмис ҳәм 8 қола мадальларын қолға киргизип бесинши орынды ийеледи] / И. Матеков // Қарақалпақстан спорты. – 2020. – 19 дек.

53. Наставнику - 90 лет: [Заслуженному работнику культуры, ветерану спорта Республики Каракалпакстан Н. Г. Чикову 5 января исполняется 90 лет] / К. Пирназарова // Вести Каракалпакстана. - 2016. - 5 янв.

54. Низанов, А. Велоспорт: [Ташкент қаласында өткерилген Өзбекстан чемпионаты] / А. Низанов // Қарақалпақстан спорты. – 2020. – 5 дек.

55. Нурекеев, Б. Жас палўанның жетилисиўинде устаз-тренердиң орны: [палўанлар ҳаққында] / Б. Нурекеев. // Қарақалпақстан спорты. – 2020. – 7 нояб. Даўамы, басы өткен санда.

56. Нурекеев, Б. Жас палўанның жетилисиўинде устаз-тренердиң орны: [Палўанлар ҳаққында] / Б. Нурекеев // Қарақалпақстан спорты. – 2020. – 31 окт.

57. Палўанова, Г. Жазыўшыларға – халықаралық медаль: [Қырғызыстан Республикасынан Ж. Моңолдоровтың сыйлықларды тапсырыўы] / Г. Палўанова // Қарақалпақстан спорты. – 2020. – 17 окт.

58. Реймов, К. Курда ҳадал гүрескен палўан: [Елликқалалы палўан Базарбай Нуржанов] / К. Реймов // Еркин Қарақалпакстан. - 2016. - 11 окт.

59. Самадов, А. Саламат бала - жәмийетимиз көрки, елимиз сүйениши: [Президентимиз Ислам Каримовтың басшылығында 24 - февраль куни Аксарайда Өзбекстан Балалар спортын раўажландырыў қоры қўуендерлик кеңесиниң гезектеги мәжилиси болып өтти] / А. Самадов //Еркин Қарақалпакстан. - 2015. – 26 февр.

60. Тилеўмуратова, З. Нураный футболшылар жеңимпаз: [Наўайы қаласында Қарақалпақстан Республикасы нураныйлары 1 орынды ийелеп финалға жоллама алды] / З. Тилеўмуратова // Қарақалпақстан спорты. – 2020. – 31 окт.

61. Турдышова, Г. Байрамға мол табыслар менен: [Қарақалпақстан Республикасы Мәденият хәм спорт ислери министриниң орынбасары Азамат Турданов пенен сәўбет ] / Г. Турдышова // Қарақалпакстан жаслары. - 2015. - 27 авг.

## Библиографиялық қолланбаға жәрдемши көрсеткишлер:

## Исмлер көрсеткиши:

Абдиев, А. 1, 2.
Абдирасулиева, М. 3.
Абибуллаев, Д. 4, 5, 6, 7.
Абилов, Ф. 8.
Ажибаев, Қ. 9, 10.
Ажимов, С. 11,
Айманов, О. 12,
Айтмурадов, Б. 13, 14, 15.
Арзыбеков, А. 16.
Атажанов, Ә. 17, 18, 19, 20.
Бекатова, З. 21.
Гүлимбетов, С. 23, 24.

Даўекеев, Г. 25.
Ембергенова, Ж. 26, 27.
Ерназаров, К. 29.
Жаниев, С. 30, 31, 32, 33, 34.
Жолдасова, А. 35, 36.
Идирейсов, И. 37, 38, 39, 40, 41, 42, 43, 44, 45, 46, 47.
Каипов, А. 48.
Мамбетов, Б. 49.
Матеков, И. 50, 51, 52
Низанов, А. 54.
Нурекеев, Б. 55, 56.
Палўанова, Г. 57.
Реймов, К. 58.
Самадов, А. 59.
Тилеўмуратова, З. 60.
Турдышова, Г. 61.

## Атамалар көрсеткиши:

Бесинши чемпионлық - ақырғы шек емес: 22
Еркин тағыда чемпион: 28
Наставнику - 90 лет: 53

Көрсеткишти дүзген:

***Үлкетаныў мағлыўматлар секторы баслығы:*** ***Н. Жуманиязова***

Редакторлаған:

***Мағлыўмат библиография хызмети бас библиографы:*** ***Г. Тажимуратова***